O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A’JINIYAZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI’

«MILLIY IDEYA, RUWXI’YLI’Q TIYKARLARI’ HA’M HUQI’Q TA’LIMI» KAFEDRASI

*«Filosofiyanın’ ulıwma teoriyalıq ma’seleleri»* pa’ninen

# KURS JUMI'SI'

**Tema:** Qa’diriyatlar filosofiyalıq analizdin’ ob’ekti sıpatında


Ilimiy basshı: Tanimov Sh.

Orınlag’an: Utegenov N.


**No’kis – 2015**

## M A Z M U N I:

**KIRISIW** .............................................................................................. 3

**I–BAP. Filosofiyalıq oy-pikir tariyxında qa’diriyatlardın’ ideyalıq ha’m ruwxıy qa’liplesiwi ma’selesi** .............................................................. 5

1.1. Filosofiya tariyxında qa’diriyat tu’siniginin’ kelip shıg’ıwı............. 5

1.2. Qa’diriyat tu’siniginin’ Shıg’ıslıq tamırları .................................... 10

**II–BAP. Milliy qa’diriyatlar ha’m olardın’ regionallıq o’zgeshelikleri.......................................................................................... 15**

2.1. Oraylıq Aziya xalıqları qa’diriyatlarının’ o’zgesheligi.................... 15

2.2. G’a’rezsizlik da’wirinde milliy qa’diriyatlardın’ qayta tikleniwi ha’m olardın’ ja’miyetlik turmıstag’ı a’hmiyeti............................................ 18

**Juwmaqlaw**........................................................................................... 23

**Paydalanılg’an a’debiyatlar dizimi** ...................................................... 25

# K I R I S I W

**Temanın' aktuallıg'ı.** Qa'diriyatlıq problematika filosofiyalıq oy-pikirlerde da'stu'riy tu'rde aktuallıqqa iye bolıp tabıladı. Filosofiyalıq oy-pikirlerdin' rawajlanıwının' ha'zirgi zaman basqıshı aksiologiyag'a bolg'an qızıg'ıwshılıq penen belgilengen, yag'nıy joqarıda atap o'tkenimizdey, sotsiogumanitar bilimlerinin' «integratorı» sıpatında o'zgeshe funktsiyasına iye. Bul jerde aksiologiyalıq problematika adam ha'm adamzat iskerligi menen baylanıslı bolg'an antropologiya, sotsiologiya, siyasattanıw, filosofiya ha'm t.b. bir qatar ilimlerdin' predmetine aylanbaqta.

Qa'diriyatlar – qa'legen iskerliktin' ajıralmas elementi, demek, adam o'mirinin' ol qanday formasında o'tiwine qaramay ajıralmas elementi bolıp tabıladı. Sonlıqtan da qa'diriyatlar ma'selesi adamdı ha'm ja'miyetti u'yrenetug'ın ilimler ushın a'hmiyetli qatarına kiredi, sebebi qa'diriyatlar bo'lek alıng'an bir adamnın', qa'legen sotsiallıq topardın', sonın' menen birge ulıwma ja'miyet ushın integrativlik tiykar sıpatında ju'zege keledi.

«Qa'diriyat» tu'sinigin analizlew ushın onın' filosofiyada kategoriya sıpatındag'ı ma'nisi, mazmunı, ob'ektivlik tiykarı, sub'ektivlik ta'repleri, sa'wleleniw formaları ha'm o'zgesheliklerin, sonın' menen birge «qa'diriyat» tu'siniginin' filosofiyalıq oy-pikirdin' rawajlanıw tariyxında qanday ma'niske iye bolg'anlıg'ın ashıp beriwimiz lazım.

Bul ma'seleni izertlew filosofiya ha'm ha'zirgi zaman ja'miyeti ushın o'zgeshe a'hmiyetke iye ha'm bulardın' ha'mmesi bizlerdin' tan'lag'an kurs jumısı temasının aktuallıg'ı bolıp tabıladı.

**Jumıstın' maqseti ha'm wazıypaları:** Qa'diriyat tu'sinigin filosofiyalıq analizdin' ob'ekti sıpatında ha'm onın' mazmının ja'miyet rawajlanıwının' sotsiallıq-filosofiyalıq aspektinde u'yreniw.

**Ko'rsetilgen maqsettin' erisiliwi to'mendegi wazıypalardı sheshiw arqalı a'melge asırıladı:**

- qa'diriyatlardı izertlewde ha'm olardın' ilimiy formalizatsiyası barısında payda bolatug'ın ha'r tu'rli janasıwlar ha'm tiykarg'ı qarsılıqlardı anıqlaw;

- adamlardın’ ja’miyetlik o’mirinde qa’diriyatlardı formaların ha’m kelip shıg’ıwının’ usılların alıp qaraw;

- adamlardın’ ja’miyetlik bolmısının’ ha’r tu’rli tarawlarında adamlardın’ qa’diriyatlıq qatnasıqlarının’ kelip shıg’ıwın sistemalastırıw;

- «qa’diriyat» tu’sinigin «a’hmiyet» ha’m «baha» tu’isnikleri menen salıstırıw;

- ha’zirgi ja’miyette u’stem turg’an qa’diriyatlardı ha’m olardın’ iske asıwının’ o’zgesheliklerin anaqlıw ha’m analizlew;

- adamlardın’ ha’zirgi ja’miyette qa’diriyatlıq orientatsiyalardın’ o’zgeriwinin’ belgili o’zegesheliklerin ha’m olardın’ sebeblerin ko’rsetip beriw.

**Jumıstın’ teoriyalıq a’hmiyeti.** Kurs jumısının’ na’tiyjelerin ja’miyettin’ qa’diriyatlıq ma’seleleri, ekonomikalıq, sotsiallıq, siyasiy ha’m ma’deniy protsesslerdi keyinshelli izertlew ushın qollanıwg’a boladı.

**Jumıstın’ strukturası ha’m ko’lemi.** Kurs jumısımız kirisiw, eki bap ha’m eki paragraflardan, juwmaqlaw ha’m paydalanılg’an a’debiyatlar diziminen ibarat bolıp tabıladı.

# I-BAP. Filosofiyalıq oy-pikir tariyxında qa'diriyatlardın' ideyalıq ha'm ruwxıy qa'liplesiwi ma'selesi

## 1.1. Filosofiya tariyxında qa'diriyat tu'siniginin' kelip shıg'ıwı

Ha'zirgi ku'nde qa'diriyatlar fenomenı izertlew ushın a'hmiyetli esaplanadı. Bu'gingi ku'nde usı problemag'a arnalg'an barlıq a'debiyatlarda qa'diriyat tu'sinigine, onın' anıqlaması ha'm ma'nisine u'lken dıqqat awdarılmaqta, sog'an bola qa'diriyatlardı tu'siniwde ha'r tu'rli alternativlik kontseptsiyalarda berilgen.

Bug'an qaramastan, «qa'diriyat» so'zi a'yyemgi greklerge jaqsı belgili bolg'an, al qa'diriyatlardı izertlewshi filosofiyanın' bo'limi o'z aldına bo'lim sıpatında jaqında g'ana qa'liplesti.

Aksiologiyanın' filosofiyanın' o'zgeshe bo'limi sıpatında qa'liplesiw protsessi Jan'a da'wirde baslandı, biraqta antikalıq da'wirde qa'diriyatlardın' ma'nisi ha'm kelip shıg'ıwı haqqında belgili ko'z qaraslar bar edi. A'yyemgi grek du'nya qarasının' traditsiyasında qa'diriyatlar bolmıstın' o'zi menen ten'lestirilgen bolıp, al qa'diriyatlıq sıpatlamalar onın' tu'sinigi ishine kiritilip keldi. Qa'diriyatlar bolmıstan ajıralıp alıng'anı joq, al onda burınnan ha'm sha'rtli tu'rde bar bolg'an na'rse sıpatında alıp qaraldı. Orta a'sirlerde qa'diriyatlar qudayılıq mazmun menen baylanıslı boldı. Al Oyanıw da'wirinde bolsa adamnın' bahalıg'ı ha'm adamzatlıq qa'diriyatlar birinshi orında turatug'ın edi.

Adamnın' ishki du'nyası ko'rinip turatug'ın ha'm olarsız adam jasap bolmaytug'ın adamnın' qa'diriyatlarının' teren' o'lshemleri, onın' ko'p mu'ddetli orientirleri ha'm o'mirdegi qag'ıydaların aksiologiyalıq jantasıwdı qollana otırıp filosofiya ilimi ashıp beredi. Sonın' menen birge filosofiyanın' rawajlanıw tariyxında, antikalıq da'wirden baslap aksiologiyalıq ma'sele haqqında so'z ju'ritiw ha'r tu'rli ja'miyetlik tarawlarda adamnın' bolmısının' kontekstinde g'ana mu'mkin boladı. Qa'diriyatlardın' filosofiyalıq ma'selelerin alıp qarawshı teoriya, yag'nıy aksiologiya adamnın' o'mirdegi iskerliginin' kontekstinde o'z aldına ma'deniy-filosofiyalıq distsiplina sıpatında jaqın arada XIX a'sirdin' ekinshi yarımında payda boldı ha'm qa'liplesti. Aksiologiyanın' qa'liplesiwi qanday-da bir filosofiyalıq

bag'dar menen baylanıslı emes, ha'm sonlıqtan filosofiyada bir neshe kontseptsiyalar ha'm qa'diriyatlardın' teoriyaları payda boldı.

Filosofiyalıq pikirdin' rawajlanıwının' ko'plegen a'sirler dawamında qa'diriyatlıq sıpatlamalar, qa'diriyattın' anaw yaki mınaw tu'ri haqqında jeke pikirler, antikalıq da'wirdin' o'zinde-aq bolmıstın' barlıg'ı menen baylanıslı bolıp keldi. Filosofiya tariyxında birinshilerden bolıp adamnın' qa'diriyatlıq du'nyasına bolg'an qızıg'ıwshılıq sofistler ta'repinen payda boldı. Sofistika aldıng'ı orıng'a etikalıq momentti shıg'arıp ko'rsetti. Sofistler skeptikalıq pragmatizmnin' jan'a elementlerin kiritip, filosofiyanı aldıng'ı, yag'nıy teoriyalıq ha'm kosmologiyalıq ma'selelerinen qashıqlatıp, filosofiyalıq oy-pikirdi adamnın' du'nyası ha'm onın' qa'diriyatlarına jaqın alıp keldi. Sofistlerdin' pikirine ko're, a'sirese Protagordın' pikirinshe «adam – barlıq zattın' o'lshemi» delingen, yag'nıy adamnın' onın' o'zinin' ku'ndelikli o'miri haqqındag'ı jeke pikirleri jeke isenim ha'm minezdi qa'liplestiriw lazım dep atap o'tti.

Sokrat ta'repinen a'dep-ikramlılıq haqqında filosofiyalıq pikir islep shıg'ıldı. Sokrattın' a'dep-ikramlılıqtın' birligi pozitsiyasın durıs dep ta'n alınıwı ma'ngi ha'm o'zgermes, yag'nıy absolyut morallıq qa'diriyatlardın' bar bolıwı ma'nisinde a'dep-ikramılılıq pozitsiya sıpatında qabıl alındı. Sol sebepten onın' pozitsiyası neoplatonizm arqalı xristian du'nyasına tanıldı.

Platon ideyalar ierarxiyasın du'ze otırıp, onın' shoqqısın «blago», yag'nıy «iygilik» kategoriyası menen bezeydi. Platonnın' pikirinshe, ulıwma ideyalar, bizler baqlawımız mu'mkin bolg'an a'piwayı zatlarg'a qarag'anda ontologiyalıq jaqtan real esaplanadı. «Iygilik» morallıq jaqtan basqa qa'diriyatlardan u'stem turıwshı en' ulıwma ha'm sonın' menen birge en' «jaqsı» ideya bolıp tabıladı[1].

Onın' sha'kirti Aristotel adamnın' iygiligin ja'miyetlik penen u'ylesetug'ın sıpatında alıp qaraydı, al ma'mleket bolsa iygilikli, jaqsı o'mir ushın adamlar arasındag'ı qarım qatnastın' tu'ri dep belgileydi, adam bolsa ma'mleket tıs jasawı mu'mkin emes, ol – siyasiy ha'm ja'miyetlik maqluqat dep ko'rsetip o'tedi. Aristotel

[1] Гуревич Э.Н. Введение в философию образования (Текст) / Э.Н. Гусинский, Ю.И. Турчанинова. – М.: Логос, 2008. С. 19.

adamnın' a'dep-ikramlılıg'ın onın'( adamnın') qa'diriyatlıq o'mirinin' elementi sıpatında alıp qaraydı. Ol Platonnın' ratsionalizm haqqındag'ı ta'limatın kritikalap adam o'mirinde emotsiyalardın' pozitiv rolin atap o'tedi. Aristotelde qa'diriyat tu'sinigi «iygilik», «maqset» tu'sinikleri menen ara qatnasta anıqlanadı. Aristoteldin' pikirinshe «Iygilik qa'dir-qımbatqa sonshelli iye boladı, eger ol maqsetke jaqın bolsa…».

Aristotel aksiologiya ushın a'hmiyetli ma'seleni alg'a qoydı: ha'r tu'rli sub'ektivlik bahalar ha'm ob'ektivlik qa'diriyatlardın' qatnası haqqında, qa'diriyatlıq qatnaslardın' adamnın' jası ha'm etikalıq sıpatlamasınana qaray bar ekenligin atap o'tedi. Solay etip, shaxstnın' minezinin' ideallar ha'm qa'diriyatları ja'miyette antikalıq da'wirden baslap aq payda bolıp keldi, al aksiologiya bolsa ontologiya sıpatında ju'zege keledi.

Antikalıq du'nyanı tanıwdan xristianshılıqqa o'tiw ha'm onı «qa'diriyatlardın' qayta bahalanıwı» ma'selesi o'z ishine diniy dogmalar menen birge adamnın' ma'nisi, mazmunı ha'm ol ne ushın du'nyag'a kelgenligi ma'selesin qayta qarap shıg'ıwdı kiritti. Orta a'sirlerdegi teologiyanın' basım keliwi qa'diriyatlardın' ta'biyatın jeke saqlanıp qalıwıdın' ideyalar ha'm ideallarda ashıp beriwde ko'rindi. Avgustin Avreliy adamnın' o'zinin' o'zi o'zgeriwi ha'm Qudayg'a iseniminde onın' ontologiyalıq talapların ajıratıp ko'rsetedi. P. Abelyar tek g'ana sxolastikalıq tekstlerdin' avtorı bolıp qoymastan, ol adamnın' qa'diriyatlıq o'miri haqqında pikiri ju'ritken oyshıl sıpatında ha'm belgili. Sol sebepten bul du'nya isenimi ku'shli, dinge sıyınıwshı adamnın' islegen is ha'reketleri qanday bolatug'ınlıg'ına ta'sirin tiygizedi dep ko'rsetip o'tedi. Orta a'sirlerdegi oyshıldın' pikirinshe, iygilik bul adamnın' is ha'reketi emes, al onın' oylag'an isi dep tabıladı. Ol (adamnın' oyı) belgili bir sharayatlarda jaqsı, ayırım waqıtları jaman bolıwı da mu'mkin.

Solay etip, orta a'sirlerde aksiologiya teologiya menen baslıpı qalınıp, «qa'diriyatlar haqqında qaraslardın' teologiyalıq reduktsiyası» ju'zege keledi[2].

Adamdı u'yreniwge ha'm biliwge, onın' ta'biyatın ha'm ma'deniyatın izertlewge bolg'an qızıg'ıwshılıq Oyanıw da'wirinde payda boladı.

[2] Каган М.С. Философская теория ценностей (Текст) / М.С. Каган. – СПб.: ТОО ТК «Петрополис», 2007. С. 10.

Antropotsentristlik gumanizm tiykarında Dante Aligeri turadı. Ol o'zinin' o'lmes «Bojestvennaya komediya», yag'nıy «Qudayılıq komediya» atlı shıg'armasında adamnın' jerdegi o'mirine gimn bolıp tabıladı. Oyanıw da'wirinde adamnın' ulıg'lanıwı, onı en' joqarg'ı qa'diriyat sıpatındag'ı pikirlerdin' qa'liplesiwi ma'seleleri birinshi orında turadı. Renessans da'wirinin' tanıqlı oyshılı Djanotstso Manetti o'zinin' «O dostoinstve i prevosxodstve sheloveka» atlı traktatında adamdı qayg'ı-g'am menen jasaw, o'mir su'riw ushın tuwılmaytug'ınlıg'ın, al do'retiw ha'm o'zin o'zinin' iskerliginde tastıyıqlaw ushın du'yag'a keletug'ınlıg'ın atap o'tedi.

Renessans da'wirinin' ruwxıy qa'diriyatları haqqında so'z ete otırıp, sol qa'diriyatlardın' altı a'sirlerden aslam dawamında evropalıq ja'miyettin' ruwxıylıg'ın belgilep bergenligin atap o'tiwimiz lazım. Renessans da'wirinin' tiykarg'ı ideyası bolg'an antropooray ideyası keyinshelli antropologiyalıq ta'limattın' rawajlanıwına sebep boldı. Bul jerde adamdı en' joqarg'ı qa'diriyat sıpatında alıp qaraw e ma'selesi birinshi orında turdı.

Oyanıw da'wiri adamdı onın' ta'biyatının' mu'mkinshiliklerine qaray ku'shine isenimdi payda etti. Biraq, eger Oyanıw da'wiri filosofiyasının' antropooray ideyası adamnın' aqılının' mu'mkinshiliklerin ko'rsetip bergen bolsa, onın' (aqıldın') avtonomiyalılıg'ı ma'selesin, adamnın' minezinin' ha'm biliw iskerliginin' tiykarı retinde ta'n alınıwı Jan'a da'wir filosofiyasının' payda bolıwına kelip tastıyıqlandı. Bul da'wirde barlıq traditsiyalı tu'rdegi ontologiyalıq, sonın' menen birge etikalıq, siyasiy ha'm estetikalıq filosofiyalıq ma'seleler, sonın' ishinde adamnın' qa'diriyatlıq du'nyasının' ma'seleleri ilimnin' tiykarın tu'siniw arqalı qoyıldı ha'm sheshildi.

Filosoflar (R.Dekart, G. Leybnits, B. Paskal) ta'repinen aqıldın' qa'diriyat sıpatında alıp qaralıwı ma'selesi qoyıldı. Sonın' menen bir qatarda sezimlerdin' qa'diriyat sıpatında alıp qaralıwı ma'selesi F. Bekon, D. YUm, Dj. Berklii ta'repinen alıp qaraldı.

Dekart aqıldın' ornın barlıq iygiliklerdin' qa'diriyatlıq tiykarlamalarının' tastıyıqlanıwında alıp qaradı ha'm qa'diriyat tu'sinigin sub'ekttin' du'nyası menen

salıstırıp ko’rsetti, yag’nıy basqashash aytqanda qa’diriyatlardı adamnın’ a’dep-ikramlılıq iskerligi menen salıstırdı.

Jan’a zamanda filosofiyada aksiologiyalıq problematika gnoseologiya ha’m sotsiallıq filosofiya ta’repine qaray o’tedi.

XVIII a’sirde «qa’diriyat» ekonomikalıq, morallıq, estetikalıq, psixologiyalıq tu’sinik sıpatında alıp qaraldı, sonın’ menen bir qatarda onı sotsiallıq kategoriya sıpatında alıp qaraw ha’m na’zerde tutıldı.

Kanttın’ pikirinshe barlıq qa’diriyatlar (printsipler, ideyalar) taza forma esaplanadı, yag’nıy olar o’zinin’ apriorlıg’ının’ ku’shi tiykarında ruxta jaylasqan, sonlıqtan olar ulıwma a’hmiyetlilik qa’siyetine iye. Ma’selen, morallıq minez qulıq ha’mme waqıtta morallıq nızam bolıp tabıladı, ol o’z na’wbetinde adam neni qa’leytug’ınlıg’ın emes, al ol qalay qa’lewi kerek ekenligin aldınnan ko’rsetip beredi.

Aksiologiyanın’ rawajlanıw perspektivası haqqında so’z ete otırıp, I. Kanttın’ qa’diriyatlar haqqında ta’limatı keleshektegi aksiologiyanın’ jetiskenlikleri ushın teoriyalıq ken’isligin ashıp berdi.

Nemets klassikalıq filosofiyasının’ wa’killerinin’ biri bolg’an G.Gegel qa’diriyatlardın’ utilitarlıq ha’m ruwxıy qa’diriyatlar dep bo’liniwine tiykarg’ı dıqqatın awdardı. Utilitarlıq (ekonmoikalıq) qa’diriyatlar tovar sıpatında ju’zege keledi. Bull qa’diriyatlar ha’mme waqıtta salıstırmalı, yag’nıy talaptan, publikanın’ vkusınan g’a’rezli. Al ruwxıy qa’diriyatlardı bolsa G. Gegel ruhtın’ erkinligi menen baylanıstırdı. Absolyut qa’diriyatlar «o’zinin’ ta’biyatına ko’re ruwxıylıqqa iye».

Adamnın’ qa’diriyatlıq du’nyasın tu’siniwdin’ jan’a aktsentin F. Nitsshe ta’repinen alıp qaraldı. Onın’ qarasları da’slep A. SHrpengauerdin’ qararsları ta’siri arqalı qa’liplesip keldi. F. Nitsshe o’zinin’ «Volya k vlasti» atlı shıg’armasında «barlıq qa’diriyatlardın’ qayta bahalanıwı» ma’selelsin talap etedi. Bul «qayta bahalanıw» tu’sinigi a’dep ob’ektiv du’nyag’a «maqset», «birlik», «bolmıs» atlı kategoriyalarının’ qa’diriyatlıq du’nyag’a kiritiliwinen bas tartıw bolıp tabıladı[3].

[3] Ницше Ф. Воля к власти (Текст) / Ф. Ницше. – М.: Культурная революция, 2008. С. 78.

Nitsshenin' pikirinshe «qa'diriyatlardın' qayta bahalanıwı» jan'a qa'diriyatqa iye bolg'an talaplardın' qa'liplesiwi jolında a'melge asırılıwı lazım dep atap o'tedi. Bul jerde tek g'ana «volya k vlasti» qa'diriyatlarg'a iye du'nyanın' haqıyqıy tiykarı dep ko'rsetedi. onın' pikirinshe «qa'diriyatlar» - «paydalı qa'diriyatlar» bolıp tabıldı. «Qa'diriyatlardın' qayta bahalanıwı» adamnın' o'zinin' qa'diriyatı ma'selesinen baslanadı.

Qa'diriyatlar sferasına tiyisli belgili ideyalar filosoflardın' miynetlerinde qaralg'an bolsa da, qa'diriyatlar teoriyasına qızıg'ıwshılıq XIX a'sirdin' ekinshi yarımında payda boldı.

XIX a'. o'ndiristin', ilim ha'm texnikanın' tez pa't penen rawajlanıwı jan'a ekonomikalıq qarım qatnastın' rawajlanıwına tu'rtki boldı, olar o'z na'wbetinde aldıng'ı qa'diriyatlardı qayta bahalawın talap etken edi. Sonın' ushın da usı da'wirde «qa'diriyat» tu'sinigi filosofiyalıq kategoriya sıpatında alıp qaralıp basladı. Qa'diriyatlardın' o'z aldına filosofiyalıq kategoriya sıpatında alıp qaralıwı XIX a'sirdin' ortalarında G. Lottsenin' miynetlerinen baslandı. Solay etip, qa'diriyat tu'sinigi arnawlı filosofiyalıq leksikag'a XIX a'. 60-shı jılları kirgizildi ha'm ob'ekttin' yaki onın' sapalı sıpatlamalarının' o'z aldına o'mir su'riwine qarag'anda, sub'ekt ushın qa'legen qanday da na'rsenin' a'hmiyetlilik ma'nisin an'lattı, yamasa basqasha aytqanda «qa'diriyatlar» «bar bolıwı sha'rt», yag'nıy «jaqsı ha'm go'zzal» a'lemine tiyisli dep anıqlandı (R.G. Lottse).

### *1.2. Qa'diriyat tu'siniginin' Shıg'ıslıq tamırları*

Qa'diriyatlar mashqalasının' filosofiyalıq tariyxıy sheshimi elimizde jaratılg'an burıng'ı nakıllar, ra'wayatlar, a'psana, hikayat, da'stanlarg'a yag'nıy xalıq awızeki do'retiwshiligi mısallarına barıp taqaladı. Xalık azwızeki do'retiwshiliginde ko'birek ulıwmainsaniy qa'diriyatlarg'a itibar qaratılg'an, olardın' negizi, mazmunıha'r tu'rli korsetip berilgen. Spitamen, Alpamıs, Tumaris ha'm SHirak haqkındag'ı da'stanlarda watansu'yiwshilik, xalıq ha'm ma'mleket azatlıg'ı ushın pidayılıq ruxı a'debiy tu'rde su'wretlengen. Bul dastanlardı burıng'ı yunonlardın' «Iliada» ham

«Odisseya» da’stanları menen salıstırıw mu’mkin. Burıng’ı adamlar barlıq haqqında oylag’anlarında, a’psana, hikayat ha’m da’stanlarda adamnın’ qa’diri, onın’ sheksizligi, a’lem ha’m adamzat baylanısları, insan o’mirinin’ ma’nisi, mazmuni, maqseti ha’mde batırlıq, aqıllılıq, qorlanıwshılıq, jaqsılıq, watansu’yiwshilik ka’bi qa’diriyatlarga tu’sinik bergen, ha’tteki olardın’ bazıları ilaxıylastırılgan.

Qa’diriyatlar problemasi diniy du’nya qaraslar ham olardın’ en’ qa’dimgi ko’rinislerinde de o’z sa’wlesin tapkan, ha’r bir din o’zine say ilaxıy qa’diriyatlar tarawına iye. Olar bir-birinen usı dinlerdin’ tiykarg’ı kitapları Quran, Injil, Veda, Upanishadalarda ha’m t.b. turaqlı ilaxıy qa’diriyat tarawları o’z ko’rinisin tapkan. Dinlerdin’ tariyxıy ko’rinisleri bekkemlenip barg’an sayın, olardın’ qa’diriyatlar tarawı ha’m dereklerin ko’rsetip bergen.

Ata babalarımızdın’ burıng’ı kitabı Avesto diniy-filosofiyalıq miyrasının’ en’ belgili mısalı, qa’dimgi xalıqlarımızdın’ ulıwmainsaniy qa’diriyatlardı jarıtıp bergen shıg’arması. Avesto zaroostrizmnin’ muqaddes kitabı bolg’anlıqtan, onda bul dinnin’ qa’diriyatlar tarawı o’z ko’rinisin tapqan. Sonın menen birge, kitapta ulıwmainsaniy qa’diriyatlarg’a, olardın’ insan ru’xıylıgı ham a’meliy is alıp barıwı ushın a’hmiyetke u’lken orın berilgen. SHıg’armada jaqsılıq, barkamallıq, pa’kpikirlik, insanparwarlıq ka’bi ta’repler Axuramazda ko’rinisi arqalı ko’rsetilgen. Kitap avtorlarınan biri Zaratushtra (Zardusht) pikirinshe, adamlar jaqsılıq, jaqtılıq ku’shlerine erisiwi, jaksılıqtı jamanlıqtan, a’dillikti haqsızlıqtan parıqlap alıwı, o’miri dawamında Axuramazda ta’repinen bolıwı lazım. Insannın’ bul protsesstegi qa’diri bolsa, jaqsılıqtın’ jen’isi ushın gu’reste biyparwa turmaslıg’ında, jasaw ta’rizinde, ruxıy ko’rinisinde, sotsiallıq jumıs alıp barıwında o’z ko’rinisin tabadı.

Avestoda jurtımızda jasagan xalıqlardın’ islamg’a shekemgi bolgan da’wirdegi ta’biyiy-ilimiy, a’deplilik qa’diriyatlarının’ rawajlanıwı tariyxqa tiyisli derekler bar, olardı ja’nede teren’ u’yreniw sha’rt.

Qa’diriyatlar ma’selesi «Moniy da’wiri» (er III-IV a’sir, tiykar salıwshısı Moniy 216-276 jıllarda jasagan) filosofiyalıq-ilaxıy ta’limatında da su’wretlengen. Moniydin’ pikirinshe du’nya - «qaran’g’ılıq ha’m jaqtılıq du’nyası»nan ibarat, birinshiden a’dilsizlik, zulım, ku’sh ko’rsetiwshilik hu’kim su’redi, ekinshiden

a’debiy, jemirilmeytug’ın, turaqlı qa’diriyatlar du’nyası. Moniydin’ ta’limatında qa’dimgi zamannın’ tiykarg’ı qa’diriyatları ja’mlengen, olardın’ ulıwmalıq tarawı mifologiya, filosofiya, kosmogoniya, astronomiya ha’m basqa da sotsiallıq-ta’biiy bilim tarawları menen baylanıslıqta bayan etilgen. Qa’diriyatlar problemasının’ izleri VI a’sirde jasagan Mazdak (51 jılda o’ltirilgen) ta’limatında da ko’zge taslanıp turadı. Islam dini ra’smiy dinge aylang’annan keyin bul izler ko’riner-ko’rinbes bolıp kalgan, olardı izlep tabıỹ qıyın esaplanadı.

Oraylıq Aziyada qa’diriyatlar haqqında qaraslar rawajlanıwında VIII-XII a’sirler u’lken a’hmiyetke iye. Bul da’wirde arablar ta’repinen elimizdi basıp alıw a’melge asırılg’an, islam ra’smiy hu’kim su’rgen dinge aylanadı. Sonı atyıp o’tiw kerek, Quranda ta’riyplep berilgen ilaxıy qadiriyatlar xalıqlarımız tariyxı ham ma’deniyatına u’lken ta’sir ko’rsetken. Bul ta’sirdin’ a’hmiyetine tu’rlishe bahalaw, pikir bildiriw mumkin, biraq onın’ o’tmishte ha’m turaqlı qa’dirge iye ekenligin biykar qılıwg’a ilaj joq. Jerimizde jasag’an ha’r bir oyshıl alım, ilimpazdın’ do’retiwshiliginde islam dini ilaxıy qa’diriyatlardın’ ta’siri sezilip turadı. Sonnın’ menen birge, islamnın’ jurtımızda tarqalıwı ham arab basqınshılıg’ı da’wirinde ko’pg’ana milliy qa’diriyatlarımızdın’ jog’alıp baratırg’anlıg’ın aytıp o’tiwimiz lazım. Bul haqqında Beruniy «Qa’dimgi xalıqlardan qalg’an estelikler» shıg’armasında nalınıwshılıq penen jazıp qaldırg’an.

O’z gezeginde sonı aytıp o’tiwimiz kerek, watanımız tsivilizatsiyasının’ qa’diriyatları arablar du’nyası ma’deniyatının’ rawajına da u’lken keri ta’sir ko’rsetetugınlıgı belgili, Xorezmiy, Farabiy, Beruniy, Ibn Sina, Ulug’bek sıyaqlı oyshıllar, al-Buxariy, at-Termiziy, Qubra, Axmet YAssawiy, Naqshbandiy sıyaqlı ilaxiyat iliminin’ jetekshi alımları, Lutfiy, Nawayı, Babur, Bedil, Mashrab ka’bi oyshıllardın’ kamalatında islam, ba’lki tsivilizatsiyamız ma’deniyatı ham qa’diriyatlarının’ ta’siri sheksiz ekenligin ta’n alıwımız za’ru’r. Olardın’ islamg’a o’tiwi protsessine ta’sirleri haqqında arnawlı izertlewler alıp barıw mumkin. Zamanago’y islam kitapları sıpatında ta’n alıp atırganlıg’ı, al-Buxariy, at-Termiziy, YAssawiy ha’m Naqshbandiydin’ qa’birlerine muqaddes sajdagahlar sıpatında sıyınıwları biykar emes. Derekler jeterli bolıwına qaramastan elimiz

tsivilizatsiyasının’ islam dini rawajına ham a’zeliy islam ma’mleketlerinin’ ma’deniyatı rawajlanıwına keri ta’siri haqqında jazılg’an shıg’armalar elige shekem jeterli emes, bul haqqında izertlewler alıp barıw za’ru’rligi a’lleqashan jetilisken.

Islam dini elimizge kirip kelgennen keyingi da’wirlerde ishki urıslar sheshilgen, elimizdin’ sotsiallıq o’miri jaqsılangan da’wir hu’kim su’rip atırgan edi.

Qa’diriyatlar ma’selesi Abu Rayxan Beruniy (1973-1048) ta’repinen ha’m shetlep o’tilmegen. Onın’ pikirinshe, ruxıy qa’diriyatlardın’ ju’zege keliwi sotsiallıq mu’nasebetler, adamlardın’ jasaw ta’rizi, materiallıq mu’ta’jlikleri, qızıg’ıwları, ma’pleri, talapları ha’m maqsetleri menen baylanıslı. Mısalı ushın, adamlar ortasındagı birlik - adamlardın’ birlesiwi mu’ta’jliklerinin’ ko’pligi, qorg’anıw qurallarının’ kemligi ha’m dushpanlardan o’zin qorg’aw za’ru’riyatı negizinde ju’zege keledi. Beruniy o’ner, sawda-satıq, ma’mleketler aralıq ma’deniy-ilimiy baylanıslardı ku’sheytiriw, sotsiallıq o’mirde ilim-pa’ndi arab baskınshılıgın, olardın’ elimizdin’ ma’deniy esteliklerin jog’altıw tarawındag’ı siyasatın qaralaydı, ma’deniy rawajlanıwda miyrasxorlıqtın’ za’ruriy ekenligin aytıp o’tedi.

Qa’diriyatlar mashqalası Abu Ali ibn Sinanın’ (1980-1037) da dıqqat orayında turg’an. Alımnın’ shıg’armalarının’ u’lken bo’legi filosofiyalıq mashqalalarg’a bag’ıshlanıp jazılgan, olardın’ ko’pshiligi (mısalı ushın «A’dalat», «SHıg’ıs filosofı», «Jaqsı is ham gu’na» atlı filosofiyalıq shıg’armaları bizge jetip kelmegen. Qa’diriyatlar mashqalası Ibn Sinanın’ «Danısh-name» «Solomon ha’m Ibsol» ka’bi bizlerge jetip kelgen shıg’armalarında da o’z ko’rinisin tapqan. Onın’ na’zerinde o’z baslamasın Alladan alg’an barlıq ha’m ta’biyat insandı orap turıwshı a’debiy ma’kan. Usı ta’repten onın’ qa’diri sheksiz, insan bolsa hamme baylıqların tabiyattan aladı, onnan o’zine shıpa tabadı.

Qa’diriyatlar mashqalası sheshiminde Nashqanbandiya yag’nıy Baxauiddin Naqshband (1388 jılda qaytıs bolgan), Hoja Axrar (1409-1492) ha’m Xusayn Voiz Koshifiy ka’bi ilahiyat ilimi jetekeshileri ilgeri su’rgen pikir ha’m qaraslardın’ o’z ornı bar. Naqshbandiya do’retiwshiligi SHıg’ısta ken’ jayılgan. A.Jamiy, A.Nawayılar ham basqa oyshıllar da og’an teren’ hu’rmet penen qarag’an. Nawayı «Xoja Baxauaddin Naqshband» atlı shıg’arma jazg’an. Naqshbandiyliktin’ ju’zege

keliwinde YAssawiy ta’limatının’ ta’siri sezilip turadı. Biraq Naqshbandtin’ do’retiwshiligi o’zinin’ ko’pg’ana ta’repleri menen basqa alımlardan parıq kıladı.

Naqshıbandiyada Allanı ko’riw ushın du’nyadan waz keshiw yamasa ta’rki du’nya qılıw emes, ba’lkim «qol jumısta, kewil Allada» bolmag’ı, pa’klik, kemtarlıq ka’mil insannın’ tiykarg’ı pazıyletleri bolıwı lazımlıg’ı eskertiledi.

Orta a’sirlerdegi siyasiy qa’diriyatlar barısında Amir Temurdın’, ulıwmainsaniy qa’diriyatlarının’ ilimiy barısında Ulug’bektin’ qarasları u’lken orın tutadı. Patshalar, hu’kimdar ham siyasiy a’rbaplardın’ a’dep-ikramlılıq talapları, ma’mleket ha’m siyasat ju’ritiw sheberligi bayan etilgen «Temur tuzikleri» de sotsiallıq-siyasiy qa’diriyatlarg’a u’lken a’hmiyet berilgen, shıg’arma SHıg’ısta ha’m Batısta ataqlı bolg’an, ko’p ma’rte basıp shıg’arılg’an.

Ulımainsaniy qa’diriyatlar sheshiminde Ulug’bektin’ pikirleri de o’zine say orın iyeleydi. Ol o’z a’tirapına Qazı-zada Rumiy, Ali Kushshi siyaqlika’bi oyshıllardı topladı, olar menen birge ulıwmainsaniy qa’diriyatlar, a’lem sırları, onda ju’z berip atırg’an protsesslerdin’ a’hmiyetin u’yreniw barısında o’z zamanında ilgerilep ketti. Haqıyqatında da, olar ulıwmainsanıy qa’diriyatlardı ja’riyalap, ba’lkim ilim - ag’artıwshılıq, haqıyqat, ziyalılıq ka’bi ulıwmainsaniy qa’diriyatlardın’ is alıp barıwı orta a’sirler ilimiy pa’k pikirliliginin’ en’ anıq mısallarınan biri, ol basshılıq qılgan alımlar bolsa a’lem ha’m juldızlardı insan ushın a’debiy ma’kan bolg’an a’lemnin’ adamzatlaıq qa’diriyatlar sıpatında tu’sinikler de ortag’a taslanadı.

## II–BAP. Milliy qa’diriyatlar ha’m olardın’ regionallıq o’zgeshelikleri

### *2.1. Oraylıq Aziya xalıqları qa’diriyatlarının’ o’zgesheligi*

A’sirler dawamında (XIX a’sirdin’ ekinshi yarımı XX a’sir basına shekem) Oraylıq Aziya xalıqlarının’ qa’diriyat sistemaları ja’miyetlik normalar shen’berinde rawajlandı. Ja’miyettin’ en’ tiykarg’ı sıpatlaması a’yyemnen qarar tapqan ja’miyetlik-ma’deniy sistemalar ha’m stereotiplerdin’ saqlanıwı ha’m qayta tikleniwne bag’darlang’an.

Traditsiyalıq ma’deniyatlardın’ aksiologiyalıq sistemalarda tariyxıy ju’zege kelgen ha’m qarar tapqan turmıs ha’m iskerlik usıllarının’ turaqlılıg’ı en’ joqarı qa’diriyatlardan biri sıpatında qabıl qılınadı. Bunda iskerliktin’ ha’r qanday novatorlı, reformalıq ha’m revolyutsiyalıq formaları a’sirler dawamında muqaddeslengen, aldın’g’ı a’wladlardın’ qa’driyatlıq ta’jriybelerin o’zinde ja’mlegen normalar ha’m u’lgilerge qast qılıw sıpatında qabıl etiledi.

Traditsiyalıq ja’miyettin’ ruwhıy tarawı, a’dette, diniy-mifologiyalıq fundamentke su’yenedi, ruwhıy sistemalar en’ aldı menen ja’miytlik ma’deniy ukladtın’ saqlanıwına bag’darlantırıladı.

XX a’sirdin’ quramalı tariyxıy waqıyaları barlıq burıng’ı sovet ha’m burın’g’ı sotsialistika ma’mleketlerdin’ qa’diriyat sistemalarına ha’r tu’rli ta’sir ko’rsetedi, biraq olar Oraylıq Aziya xalıqlarının’ o’zine ta’n ma’deniy turmısında o’z aldına rol oynaydı. Bul xalıqlardın’ pu’tkil qa’diriyatlıq sisteması (diniy qa’diriyatlar, milliy mu’ta’jlikleri ruwhıy ma’deniyatının’ o’zine ta’n ha’diyseleri, ana tilleri xalıqlardın’ mentaliteti ha’m basqalar) qatan’ transfomatsiyag’a ushıradı. Bu’gingi ku’nde ju’z berip atırg’an milliy tikleniw protsessleri sharayatında Oraylıq Aziya xalıqlarının’ qa’diriyatlıq sistemasının’ tu’sinik ha’m ma’nisinin olardın’ XX a’sir ha’m XXI a’sir baslarındag’ı transforfiyasına filosofiyalıq an’lap jetiw za’ru’rligi du’zldi. Bul transformatsiyalar «ulıwmainsanıy-milliy» kontekste ko’rip shıg’ılıwı mu’mkin.

Bir ta’repten sonı da este tutıw kerek, ha’r qanday ja’miyettin’ pu’tkil qa’diriyatlıq sisteması – pa’n, filosofiya, san’at, a’debiyat – tek g’ana Milliy traditsiyalar menen sheklenbeydi, sebebi insan tek biologiyalıq janzat sıpatında emes, sotsiallıq janzat sıpatında da jekke bolıp esaplanadı. Bul, a’sirese,

informatsiyalastırıw, kompyuterlestiriw, zamanago'y sistemaları rawajlang'an ha'zirgi dinamikalıq da'wirge tiyisli. Barlıq ma'mleketler turmıslıq ma'pleri, tiykarg'ı mashqalaları en' a'hmiyetli ta'repler boyınsha sa'ykes keledi. Ulıwmainsanıy mashqalalar ulıwmainsanıy qa'diriyatlar sisteması qa'liplestiriw za'ru'rligin talap etedi.

Basqa ta'repten, milliy (jekke sıpatında) regionallıq (o'z aldına), ulıwmainsanıy (ulıwma, jalpı) qa'diriyatlar dialektikasın esapqa alg'an halda jaslardı milliy traditsiyalar, u'rp-a'detler, milliy til ha'm iskusstvog'a xu'rmet ruwhında ta'rbiyalaw za'ru'r. Eger insan o'z xalqının' milliy ma'deniyatın, jasaw ta'rizin, ruwhıy qa'diriyatların jaqsı bilse ha'm qabıl qılsa, ol jag'dayda ol dunyadag'ı basqa xalıqlardın' ma'deniyatı ha'm filosofiyasın da jaqsı qabıl qıladı, olar haqqında o'zinin' erkin pikirine iye boladı dep iseniwimiz mu'mkin.

Xalıqlardın' ko'plep traditsiyaları, u'rp-a'detleri ha'm qa'diriyat sistemasının' basqa elementler kirip keledi, a'debiiy ma'deniyattın' tu'pten jan'a tu'rleri (portret, skulptura, su'wretshilik, opera, balet, operetta ha'm t.b.) payda boladı.

Xalıqımız ja'miyetinde a'yyemnen o'z qa'diriyatlar sisteması, du'nyaqaras o'lshemleri ha'm adamlardın' minez-qulıq normaları qa'liplesken. Bul o'lshemlik shen'ber – traditsiyalıq o'mirlik ma'deniyattın' o'zine ta'n o'zegi. Onın' tiykarında adamlardın' bir neshshe a'wladları ta'rpinen islep shıg'ılg'an, Xalıqler ushın traditsiya bolg'an dunya qaras tu'sinikleri jatadı. Traditsiyalıq minez-qulıqtın' qa'lipleri sananın' etnikalıq ha'm diniy formaları menen tıg'ız baylanıslı. A'dep-ikramlılıq, ruwxıy traditsiyalar ha'm tu'siniklerdin' u'lken bo'legi islam aqidaları menen bekkemlengen yamasa alıq ta'repinen sonday (islam trdaitsyaları sıpatında) qabıl qılınadı.

Kollektivtin' ruwhıy turmız ta'rizi O'zbekistanda ken' tarqalg'an, xalıqımızdın'' ruwhıy du'nyasın sıpatlawshı sotsio-normativ ma'deniyatının' qatlamın qurawshı ma'ha'lle atlı qon'sı-regionallıq ja'ma'a't sho'lkemlerinde ju'da' jaqsı saqlanıp qalg'an.

Miymandoslıq – [alıq turmısının' o'zine ta'n o'zgesheliklerinen biri, miyman ha'r bir shan'araqta hu'rmet ha'm izzet qılınadı. Miyman ku'tiwdin' traditsiyalıq

a’detlerine a’mel qılınadı. Bul udumler mira’t etilgen miymanlardı ku’tiwde ha’m mira’tsiz kelgen miymanlarg’a hu’rmet, onın’ bul shan’araqta o’zini biyma’lel seziniwine sharayat jaratıwg’a tayarlıq ruwhı menen suwg’arılg’an.

Xalıq tilinde «sawap is» degen tu’sinik bar. Jesirlerge, jetimlerge ja’rdem beriw a’ne usınday islerden esaplanadı. Urısıp qalg’anlardı jarastırıw da sawap is esaplanadı. A’ne usı sawap alıw traditsiyası ko’leminde u’yde nan jabılg’an ku’nleri qon’sılarg’a shıg’arıw yamasa tabaqta awat kirgiziw a’deti de bar.

Iltimas penen mu’ra’ja’a’t qılg’an insang’a keri juwap beriw a’det emes, og’an qoldan kelgenshe ja’rdem beriw za’ru’r. Onın’ iltimasın qandırıwdın’ ilajı bolmag’an jag’daylarda da iltimas birden qaytarılmaydı, al onın’ kewlin ko’teriwshi so’zler aytıladı.

Xalıqımızdın’ qa’diriyatlıq sistemalarının’ qa’liplesiwinde ata babalarımızdın’ ruwhıy miyrası u’lken a’hmiyetke iye. Xalıq arasında tarqalg’an hikmetli so’zler, belgili adamlardın’ miyneti ha’m iskerligi haqqındag’ı ra’wiyatlar, olar turmısınan alıng’an diniy hikayalardın’ a’deplilik-ruwhıy ta’rbiya ushn a’hmiyti u’lken. Sol sebepli olar xalıq arasında ken’ tarqalg’an.

Xalıqımız ja’miyetinde insan minez-hulqının’ traditsiyalıq etikası tolıq bir turmıslıq sistemasın quraydı. Onda shaxstın’ ruwhıy minez-xulqına ha’mme waqıt o’z aldına a’hmiyet berilgen. Ju’z bergen a’hmiyetli sotsiallıq-ekonomikalıq ha’m siyasıy transformatsiyalarg’a qaramay, onda da’wir dawamında ja’miyettegi o’z-ara qatnasıqlardı ta’rtipke salıp kelgen ha’m norma wazıypasın orınlag’an traditsiyalıq tiykar saqlanıp qalg’an.

### *2.2. G'a'rezsizlik da'wirinde milliy qa'diriyatlardın' qayta tikleniwi ha'm olardın' ja'miyetlik turmıstag'ı a'hmiyeti*

O'zbekistan g'a'rezsizlikke eriskennen keyingi en' a'hmiyetli mashqalalardan biri jan'a tariyxiy jag'dayda ma'mleketke mu'na'sip adamlardı ta'rbiyalaw edi. Bul o'z gezeginde bir neshe on jıllar dawamında jeterli da'rejede xalıqqa ma'lim etilmegen, klasslıq-partiyalıq ideologiya ta'repinen qadag'an etilgen Xalıq xalqının' ruwxıy miyrasın qayta tiklewi ha'm onın' bunnan bılay da jetilisiwi ushın keq mumkinshilikler ashıwı kerek edi.

Haqıyqatında, ma'mleket ta'repinen ja'miyetlik-siyasiy turmısta ruwxıy jan'alanıw pron'esin a'melge asırmastan g'a'rezsizlikti bekqemlew ushın xalıqtı mobilizan'iyalawg'a bolmaytug'ınlıg'ın turmıstın' o'zi ko'rsetti.

Xalqımızdın' ku'shi, birinshiden, onın' bay ruwxıy miyrasqa iye ekenliginde. Xalqımızdın' ruwxıy tırnag'ı-keleshek ma'mleketimizdin' tirekleri ku'ta' a'yyemgi ha'm bekkem.

Elimiz bir neshe ma'rte sırt el basqınshılarının' hu'jimine duwshar bolg'an, g'a'rezlilik zulımı astında qalg'an bolsa da, xalıq o'zligin jog'altpadı, o'zinin' ruwxıy miyrasın ardaqlap saqlap ha'm bayıtıp keldi. Ayrıqsha son'g'ı koloniallıq da'wirinde ruwxıy miyrasqa klasslıq ko'zqarastan jaqınlasıw aqıbetinde milliy qa'diriyatlarımız, u'rp-a'detlerimiz progressiv-lik ha'm reakn'iyashıl bloklarg'a bo'lindi. Reakn'iyashıl dep bahalang'an milliy qa'diriyatlarımız, a'detlerimiz ha'm da'stu'rlerimiz qaralandı, kritikalandı. Ka'plegen tariyxıy estelikler buzıldı, qarawsız qaldı, kitap-lar ha'm qol jazbalardı basıp shıg'arıw, u'yretiw qadag'an etildi yaki itibarsız qaldırıldı.

G'a'rezsizlik sharapatı menen xalqımız ruwxıy qısımlardan azat boldı, erkin pikirge, milliy sana-sezimge, milliy qayta tikleniwge ken' jol ashıldı.

Milliy qayta tikleniw o'zinen-o'zi bolmaydı, bunın' ushın xalıqtın' du'nyag'a ko'zqarasın milliy g'a'rezsizlik ruwxında reformalaw za'ru'r. Bul birinshi na'wbette ruwxıylıqqa baylanıslı. Sol sebepli g'a'rezsizliktin' da'slepki ku'nlerinen-aq ata-babalarımız qaldırg'an ruwxıy miyrastı qayta tiklew isleri baslanıp ketti. Al, ruwxıy miyras degenimiz ne, onın' qayta tikleniwi nelerde ko'rinbekte?

Ruwxıy miyras a’yyem zamanlardan beri ata-babalarımızdan bizge shekem jetip kelgen ruwxıy baylıqlar - siyasiy, filosofiyalıq, huqıqıy xa’m diniy ko’zqaraslar, a’dep-ikramlılıq normaları, ilim-pa’n tabısları, tariyxıy, ko’rkem ha’m ko’rkem o’ner shıg’armalarının’ jıynag’ı bolıp tabıladı. Ruwxıy qa’diriyatlar, baylıqlar revolyun’iyalıq jol menen payda bolatug’ın qubılıs emes, ol ja’miyet rawajlanıwının’ barlıq basqıshlarında onın’ talapları boyınsha ju’zege keledi ha’m sol da’wirdin’ turmısın sa’wlelendiredi, ol turmıstın’ o’zgeriwi menen joq bolıp ketpeydi, keyingi a’wladlar ushın ruwxıy miyras bolıp qaladı. Ha’r bir a’wlad ruwxıylıqtı jan’adan do’retpeydi, ruwxıy miyrasqa su’yenedi, biraq onı qanday bolsa sondaylıg’ınsha, ko’rip-bilmesten qabıl ete bermeydi, progressivlik, insanıylıq, a’dillik ko’zqarasınan qabıl etedi ha’m rawajlandıradı.

O’zbekistan o’z g’a’rezsizligin ja’riyalagan 1991-jılı-aq Alisher Nawayının’ tuwılg’an ku’ninin’ 550 jıllıg’ı ken’ belgilendi. Bul toyg’a respublikada u’lken tayarlıq ko’rildi ha’m ol xalıqtın’ u’lken ma’deniyat bayramına aynaldı. Da’slep, ullı shayırdın’ jigirma tomlıq tolıq shıg’armalar jıynag’ı basıp shıg’arıla basladı. Bunnan tısqarı, "Lison uttayr", "Sab’ai sayër", "Farxad ha’m SHiyrin", "La’yli ha’m Ma’jnu’n", "Hayrat-ul Abror" sıyaqlı ko’rnekli shıg’armaları o’z aldına bir neshe mın’ nusqada baspadan shıqtı. Bir neshe ilimiy-kepshilikke tu’sinikli shıg’armalar sawg’a kitaplar sıpatında basıp shıg’arıldı.

Yubiley aldınan Alisher Nawayının’ ullı tulg’ası sa’wlelendirilgen saxna shıg’armaları, kinofilmler do’retildi. Alisher Nawayı atındag’ı Ma’mleketlik sıylıq shelkemlestirildi. Pushkin atındag’ı a’debiyat institutına Alisher Nawayı atı berildi. SHayırdın’ atı qoyılg’an Ma’mleketlik a’debiyat muzeyi jaqa eksponatlar menen bayıtıldı. Go’zzal Tashkentte ullı babamızdın’ go’zzal ha’m saltanatlı esteligi qoyıldı, ol xalıqtın’ qa’sterli zıyarat ornına aynaldı. Ullı babamız Alisher Nawayı qaldırg’an ruwxıy miyras bu’gingi ku’nde jan’alanıp atırg’an ja’miyetimizdi ruwxıy rawajlandırıwda a’hmiyetli faktor bolıp xızmet etpekte.

1994-jıldın’ hu’kimet qararı menen Ulug’bek jılı dep ja’riyalanıwı, onın’ 600 jıllıg’ının’ O’zbekistanda ha’m du’nya ju’zilik ko’lemde ken’nen belgileniwi de ullı

oyshıl qaldırg'an ilimiy miyraslıq ulıwma insanıylıq qa'diriyatqa aylang'anlıg'ının' belgisi bolıp tabıladı.

Al Xorezmiy, Beruniy, Ibn Sina, Zahiriddin Babur ha'm basqa da keplegen ata-babalarımız milliy ma'deniyatımızdı rawajlandırıwg'a u'lken u'les qosqan oyshıllar sıpatında xalqımızdın' milliy maqtanıshı bolıp qaldı. Samarqand, Buxara ha'm Xiywa pu'tkil adamzat ushın zıyarat ornına aynaldı. Nızamı a'dewir erterek 1989-jıl 21-oktyabrde qabıl etilgen edi. Bul nızam xalqımızdın' milliy sanasının' rawajlanıwında, eldin' g'a'rezsizliginin' bekkemleniwinde, ma'deniy miyrastın' qayta tikleniwi ha'm ja'miyettin' ruwxıy jaqalanıwında a'hmiyetli rol oynadı.

Ma'mleketlik til haqqındag'ı Nızam qabıl etilgennen son'g'ı jıllar dawamında respublikada u'lken jumıslar islendi. Xalıq tilin ma'mleketlik ha'kimiyat ha'm basharıw uyımlarında, sudlarda, ma'mleketlik notariallıq ma'kemelerde qollap-quwatlaw haqqındag'ı statyalar shınlıqqa shıg'arıldı. Xalıq bilimlendiriwinde, ilim tarawında, g'alaba xabar qurallarında tu'pkilikli o'zgerisler a'melge asırıldı. Ko'plegen tariyxıy atamalar qayta tiklendi, atamalar milliy til tiykarlarına muwapıq jan'alana basladı.

Barlıq jerde Ma'mleketlik til ha'm jan'a a'lipbeg'e o'tiwdin' tiykarg'ı oqıw-stilistikalıq negizin do'retiwdi talap etetug'ın edi. Pedagogikalıq joqarı oqıw orınları ha'm universitetlerinde basqa tilde so'ylewshiler oqıytug'ın mektepler ushın Xalıq tili oqıtıwshıların tayarlaw boyınsha arnawlı fakultetler ha'm bo'limler ashıw, ilimiy-metodikalıq izertlewlerdi ken'eytiw ha'm teren'letiw, jaqa sabaqlıqlar ha'm qollanbalardı basıp shıg'arıw lazım edi. Xalqshız ko'zdin' qarashıg'ınday ardaqlap atırg'an turaqlılıqtı, puqaralardın' tınıshlıg'ın ha'm milletler aralıq tatıwlıqtı bunnan bılay da bekkemlewge ja'rdemlesiwdi esapqa alıp, O'zbekistan Respublikası Oliy Majlisiniq 1995-jılı 22-dekabrdegi sessiyasında «O'zbekistan Respublikasının' ma'mleketlik tili haqqında»g'ı Nızam jan'a redaktsiyada qabıl etildi.

G'a'rezsizlik da'wiri shın ma'nisinde ha'zireti Temurdın' qayta tuwılıw da'wiri boldı. Amir Temurg'a bolg'an qatnas, onın' tariyxıy xızmetin mu'na'sip bahalaw ha'm hu'rmet-izzetin ornına qoyıwda Prezident I. Karimovtın' o'zi baslamashı boldı. Saqıpqıran adamnın' ullılıg'ın tanıtıw ushın ol pu'tkil

mu’mkinshiligin iske saldı. Bunın’ sebebi nede? Bunı Prezident to’mendegishe tu’sindiredi: Birinshiden, Amir Temur qa’diriyatı koloniallıq jıllarında sanamızdan o’shirip taslang’an milliy sezimlerimizdi qayta tiklew, milletti millet, ma’m-leketti ma’mleket etiw ushın kerek. Saqıpqırannın’ «Bizkim mu’lki Turan, Amiri Tu’rkstanbız. Bizkim milletlerdin’ en’ qa’dimgi xa’m en’ ulug’ı—tu’rktin’ bas buwınımız», degen so’zleri xalqımızg’a milliy o’zli-gin, ullı ha’m pu’tkil du’nya ju’zilik da’stu’rlerge miyrasxor ekenligin teren’ tu’siniwge xızmet etedi.

Ekinshiden, xalqımızdın’ milliy maqtanıshın, milliy sanasın rawajlandırıw ushın umıtılıp ketken derlik tariyxımızdı qayta tiklew lazım. Al, Amir Temur mine usı, eski tariyxtın’ ullı shın’ı esaplanadı.

Tariyxıy rawajlanıwdın’ xa’r bir basqıshına ta’n qa’diriyatlar sisteması bolıwı haqqında pikir ju’rittik. G’a’rezsiz O’zbekistanda da a’ne sonday sistema qa’liplespekte. Bul bolsa, o’z na’wbetinde O’zbekistannın’ milliy g’a’rezsizlikke tiykarlanatug’ın jan’a qa’diriyatlar sistemasının’ qa’liplesiwi protsessindegi tiykarg’a bag’darlardı u’yreniwdi za’ru’rlikke aytantıradı.

Bul ma’seleni aydınlastırıw ushın tariyxqa na’zer salıwımız mu’mkin. Du’nyadag’ı en’ qa’dimiy tsivilizatsiyalardan birine ta’n bolg’an, o’z tamırları menen a’sirlerge barıp taqalatug’ın ha’m u’sh mın’ jıldan ko’birek da’wirdi o’z ishine alatug’ın xalqımızdın’ tariyxı G’a’rezsiz O’zbekistan ha’m aymag’ımız ma’mleketlerinde qa’liplesip atırg’an jan’a qa’diriyat sistemaları ha’m olarg’a mu’na’sebetimizdin’ qa’liplesiwinin’ ruwxıy tiykarı. G’a’rezsiz O’zbekistanrnın’ rawajlanıwı qanshelli joqarı basqıshlarg’a ko’terilip barar eken, tariyx betlerine mu’ra’ja’a’t qılıw sonshelli artıp bara beredi.

O’zbekistannın’ g’a’rezsizligi ha’m onda payda bolıp atırg’an jan’a qa’diriyatlar sistemasının’ sotsiallıq tiykarları dialektikalıq dawamıylıq tiykarında bekkemlenip barıldı: O’zbekistan Respublikası Joqarı Ken’esinin’ 1991 jıl 18 noyabrdegi qararına tiykarlang’an, 1991 jıl 24 dekabr ku’ni bolıp o’tken O’zbekistan Respublikası ma’mleket ko’lmindegi referendum ha’m O’zbekistan Respublikası Prezidenti saylawları bunın’ ja’ne bir bar da’liyli boldı. I.A.Karimov O’zbekistan Respublikası prezidenti etip saylandı. 1992-jıl 29-yanvarda BMSH

qa’wipsizlik Ken’esi, 1992 jıl 2 martta bolsa BMSH Assambleyasının’ 46 sessiyası qararına muwapıq O’zbekistannın’ birinshi Prezidenti

Halıqtın’ turmıs ta’rizin ha’m ruwhıylıg’ının’ quram bo’legin onın’ eski u’rp-a’detleri, da’stu’rleri ha’m bayramları quraydı. Sonlıqtan, g’a’rezsizlik jıllarında xalıqtın’ eski qa’diriyatların qayta tiklew barısında a’hmiyetli ilajlar a’melge asırıldı.

Sonnan ibarat, Nawrız ırısqı-nesiybemiz bolg’an diyqan jılının’ baslanıwı badıp. ta esaplanadı. A’yyemgi xadıq bayramı - Nawrızdın’ qayta tikleniwin respublykamızdın’ pu’tkil halqı qanaatlanıwshılıq penen maqullap, ko’terin’ki ruwxta ku’tip aldı.

Nawrızdın’ bayramlanıwı teren’ xalıq da’stu’rleri, jerge ha’m ta’biyatqa abaylap qatnasta bolıw, diyqan miynetin hu’rmetlew, jaqsı qon’sılıqqa, mehir-mu’riybetke ha’m basqalardın’ da’rtine dawa bolıwg’a umtılıwları milliy qayta tikleniwdin’ qu’diretli faktorı boldı.

Ruwxıy turmıstag’ı diniy bayramlar, hayıt ku’nlerinin’ respublikada g’alaba xalıqlıq bayram retinde belgi ushın ken’ jol ashılıwı da ruwxıy pa’kleniwdin’ a’hmiyetli ko’rinisi bolıp tabıladı. Ruwxıy turmısta Islam dininin’ ayrıqsha ornı bar. Bul diniy ta’limat a’lemdi tanıw, du’nyanı pikirlsw, ta’biyat ha’m insan ortasındag’ı qatnasıqlardı teren’ tu’siniw barısında sheksiz a’hmiyetke iye. Pu’tkil du’nya xalqının’ dıqqatın o’zine tartqan bay ha’m tu’rli tu’stegi ma’deniy-ruwxıy miyrasımız eki qu’diretli tolqın - du’nyalıq ilimler ha’m diniy-filosofiyalıq oy-pikirge su’yenedi. Sonlıqtan da, bul o’lmes qa’diriyatlar ayrıqsha a’hmiyetke iye bolmaqta.

1992-jıl 27-martta O’zbekistan Prezidentinin’ «Oraza hayıtın dem alıs ku’ni dep ja’riyalaw haqqında» Pa’rmanı ja’riyalandı. Pa’rmanda atap aytqanda, mı-naday delinedi: «G’a’rezsiz O’zbekistan Respublikası musılmanlarının’ tilek ha’m o’tinishlerin inabatqa alıp hzm puqaralar arasında mehir-muhabbattı turaqlastırıw maqsetinde diniy bayram -Oraza hayıtının’ birinshi ku’ni dem alıs ku’ni dep belgilensin». 1992-jıldan baslap ha’r jılı elimizde oraza hayıtı g’alaba xalıqlıq bayram retinde belgilenbekte.

## J U W M A Q L A W

Qa’diriyat ma’seleleri ha’zirgi da’wirde ha’m teoriyalıq ha’m a’meliy jaqtan a’xmiyetke iye. G’a’rezsizlik jolında baratırg’an O’zbekistanda qadiriyatlardın’ jamiyet o’mirindegi a’hmiyetin u’yreniw, o’mirimizde ulıwmainsanıy pritsiplerinin’ u’stinligin ta’miynlewde bul ma’selelerdin’ a’hmiyeti ja’nede asıp barmaqta. Aldı menen, ma’mleketimiz tsivilizatsiyasına mas qa’diriyatlar rawajlanıwın, bul tsivilizatsiya tariyxında o’shpes iz qaldırg’an alım, oyshıl jetekshilerimizdin’ miyrasın u’yreniw, bul haqqında qayırlı islerdin’ biri. Usı jo’nelistegi jumıslar tsivilizatsiyamızdın’ ulıwmainsanıy qa’diriyatlar raỹajlanıwına ju’da’ u’lken u’les qosqanlıg’ı, basqa tsivilizatsiyalar ha’m xalıq aralıq ma’deniyatqa ta’sir ko’rsetkenligin, jurtımız du’nya ma’deniyatının’ oshaqlarınan biri bolg’anlıg’ın ja’nede zamanago’y da’liller menen bayıtadı. Sonın’ menen birge bul da’liller biz ko’rsetip berip atırg’an da’liller tiyisli tariyxıy tiykarlardı, zamanago’y aksilogiyanın’ shıg’ıslıq tamırların, onın’ ha’zirgi zamandag’ı bag’ıtların anıqlaw imkaniyatın beredi.

Aksiologiyanın’ pa’n sıpatındagı ornın belgileytug’ın mashqalalardın’ sheshimleri, bul pa’nnin’ ba’seke teması, tiykarg’ı nızam qag’ıydaları, tu’sinik ha’m kategoriyaları menen baylanıslı ma’selelerdi u’yreniw za’ru’r, ha’zirshe bul ma’selelerge tiyisli bilimler az bolıwına karamastan, olardın’ negizi, mazmunı, a’hmiyeti haqqındag’ı da’slepki bilimge iye bolıw imkaniyatı tuwılmakta.

Qa’diriyatlardın’ filosofiyalıq ma’selelerin alıp qarawshı teoriya, yag’nıy aksiologiya adamnın’ o’mirdegi iskerliginin’ kontekstinde o’z aldına ma’deniy-filosofiyalıq distsiplina sıpatında jaqın arada XIX a’sirdin’ ekinshi yarımında payda boldı ha’m qa’liplesti. Aksiologiyanın’ qa’liplesiwi qanday-da bir filosofiyalıq bag’dar menen baylanıslı emes, ha’m sonlıqtan filosofiyada bir neshe kontseptsiyalar ha’m qa’diriyatlardın’ teoriyaları payda boldı.

Burıng’ı awqamnın’ tarap ketiwi, onı qadiriyatlar sistemasının’ o’tmishge aylanıwı, G’MDAnın’ payda bolıwı, birlesiw aymagında ju’zege kelgen g’a’rezsiz ma’mleketler, sonın’ ishinde O’zbekistanda da o’zgeshe, jan’a qa’diriyat tarawlarının’ rawajlanıw protsesslerin u’yreniw sha’rt. Bunda, ilimiy biliwdin’ bir

katar usılları menen birge, tariyxtı aksiologiyalıq tu’siniw usılına tayanıw jaksı na’tije beredi. Tariyxtı aksiologiyalıq tu’singende, o’tmishtegi qa’diriyatlar menen baylanıslı o’zgerislerdi, tariyxıy rawajlanıw baskıshlarına mas qa’diriyat tarawlarının’ ju’zege keliwi, a’mel qılıwı, orın almasıwı, bundag’ı biykar ha’m miyraslıq dialektikasın ko’resitw an’satlasadı. A’ne usılar negizinde alıngan da’liller bolsa, ha’zirgi da’wirde qa’diriyatlar tarawında juz berip atırg’an o’zgerislerdi anıqlaw, ja’miyettegi aksiologiyalıq protsesslerdi tuwrı baxalaw imkaniyatın jaratadı. Aksiologiyanı qadiriyatlar haqqındag’ı bilimler sisteması sıpatında da’lillewge birinshi urınıwlar endi g’ana anıq bolmaqta.

Aldı menen g’a’rezsizlik jolında baratırg’an O’zbekistanda ju’zege kelip atırgan ja’n’a, demokratik qa’diriyatlar taraının’ aksiologik negizde ko’rsetip beriw, bunda Prezidentimiz I.A. Karimov shıgarmalarında ilgeri su’rilip atırg’an qa’diriyatlar jo’nindegi pikir, juwmaq ha’m pikirlerge tiykarlangan halda, rempublikamızda turaqlılıq birge islesiw qa’diriyatları menen baylanıslı negizlerdi ko’rsetiw, bul jo’nindegi wazıypalardı sheshiwdin’ na’tiyjeli jolların izlep tabıw za’ru’r.

Ekishiden, g’a’rezsizlikke tiykarlang’an jana, demokratik qa’diriyatlar tarawının’ ju’zege keliwi ha’m bekkemleniwi, onın’ pu’tkil du’nya qa’diriyatlar tarawının’ quramı ha’mde ma’mleketimiz xalqının’ birligin ta’miynleytug’ın ruwhıy tiykarg’a aylanıw imkaniyatların ko’rsetiw u’lken a’hmiyetke iye. Bul jo’ninde ha’r ta’repleme protsessti ulıwma baskarıwdı tuwrı qollaw maqsetinde «G’a’rezsiz O’zbekistanda jan’a, demokratiyalıq qa’diriyatlar tarawın bekkemlewdin’ kompleksli da’stu’rin» islep shıg’ıldı. Ha’zirgi da’wirde qa’diriyatlar jo’nindegi ameliyattın’ en’ tiykarg’ı maselesine aylanıp qaldı.

U’shinshiden, qa’diriyatlar teması menen baylanıslı mashqalalardı ja’riya qılıw shen’berin ken’eyttiriw, onın’ du’nya, respublikamızg’a mas payda bolıp, qa’siyet ja’m ta’replerin analiz qılıwdı zamanago’y talaplar da’rejesine ko’teriw barısında anıq rejelerin islep shıgıw ha’m olar tiykarında jumıs alıp barıw zaru’r.

## PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR DIZIMI:

1. I.A. «Karimov Istiqlol va ma`naviyat». –Toshkent., «O`zbekiston», 1994y.

2. I.A. Karimov «Bizdan ozod va Obod vatan qolsin». –T. «O`zbekiston», 1994y.

3. I.A. Karimov «Vatan sajdagoh kabi muqaddasdir» – Toshkent, O`zbekiston, 1996y.

4. I.A. Karimov. «Tarixiy xotirasiz kelejak yuq». T., «Sharq», 1998y.

5. I.A. Karimov «Milliy istiqlol mafkurasi – xalq e`tiqodi va buyuk kelajakka ishonchdir». Toshkent. «O`zbekiston» 2000y.

6. I.A. Karimov «Inson manfaatlari ustuvorligini ta`minlash barcha islohat va o`zgarishlarning bosh maqsadi». T. «O`zbekiston» 2008y.

7. I.A. Karimov «Inson manfaatlari, huquq va erkinliklari – eng oliy qadriyat». T. «O`zbekiston» 2005y.

8. I.A. Karimov. O`zbekstonning o`z istiqlol va taraqqiyot yo`li. T., «O`zbekiston», 1992

9. I.A. Karimov. Yuksak ma`naviyat - engilmas kuch. T., «Ma`naviyat»-2008

10. I.A. Karimov O`zbekiston Respublikası Oliy majlisi qonunchilik palatasi va senatining 2010 yil 12-noyabrdagi qo`shma majlisidagi «Mamlakatimizda demokratik islohatlarni yanada chuqurlashtirish va fuqoralik jamiyatni rivojlantirish kontseptsiyasi» mavzusidagi ma`ruzasini o`rganish bo`yicha o`quv uslubiy majmua. Toshkent. «Iqtisodiyot» nashriyoti. 2010y.

11. I.A. Karimov O`zbekston mustaqillikka erishish ostonasida. Toshkent. «O`zbekston» 2011

12. «Falsafa» (Yusupov E. tahriri ostida) – T.: 2006.

13. Falsafa asoslari (Nazarov Q. taxriri ostida). – T., 2005.

14. «Falsafa» (Axmedova M). – T., 2006 yil.

15. Yangi va eng yangi davr G`arbiy evropa falsafasi. T., “Sharq” 2002

16. I.Karimov, M.Rustamova. Falsafa fani tarixi va nazariyasi. (Metodik qo`llanma). T., TDPU 2007 yil.

17. N. Shermuhammedova. Falsafa. Darslik. T. 2009yil.

18. J. Bazarbaev Milliy ideya - bizin’ ideyamız. -N., 2003

19. J. Bazarbaev Adep filosofiyası. -N., 2010

20. J. Bazarbaev «Milliy ideya – jol ko’rsetiwshi juldız». N. «Qaraqalpaqstan» 2011

21. Abu Nasr Forobiy. “Fozil odamlar shahri”. Abdulla Qodiriy nomidagi xalq merosi nashriyoti. Mas`ul muharrir M.Xayrullaev, 1993.

22. Мусурмонова О. Маънавий кадриятлар - соглом авлодни тарбиялаш воситаси. Тошкент, 1995

23. Мусурмонова О. Маънавий кадриятлар ва ёшлар тарбияси. Тошкент, 1996

24. Назаров Қ. Қадириятлар фалсафаси (Аксиология). Тошкент, «Файласуфлар миллий жамияти нашриёти», 2004.